



**FLORIDA RURAL
LEGAL SERVICES**
Konpayi Alwa ki pa Peye

**Inite pou Travayè Agrikòl
Itineran**



ASISTANS AVOKA GRATIS

**Pou Travayè Agrikòl
Kalifye Yo**

ASISTANS AVOKA GRATIS KI KOUVRI:

- ☒ Travay
- ☒ Lojman
- ☒ Avantaj Piblik
- ☒ Diskriminasyon

Kote:

2683 Amigo Way
Immokalee, FL 34142

Lè Travay:

Lendi-Vandredi
8:30 a.m. – 5:00 p.m.

*Nimewo dirèk pou tele
Sauveur Pierre
239-851-3301*

1-888-582-3410

FRLS.org

**FINANSE AN
PATI PA:**

LSC

America's Partner
for Equal Justice

LEGAL SERVICES CORPORATION



FLORIDA RURAL LEGAL SERVICES

Konpayi Alwa ki pa Peye

Konnen Dwa Ou Kòm Travayè Agrikòl Nan Florid

SALÈ MINIMÒM NAN FLORID

Salè minimòm nan Florid se \$13.00 pou chak èdtan. Menm si yo peye ou "sou kontra" oswa "pou chak travay" ou fè, patwon an dwe peye ou omwen \$13.00 pou chak èdtan. Salè minimòm nan Florid la pral monte nan \$14.00 pou chak èdtan, nan dat 30 septanm 2025.

ENFÒMASYON EKRI SOU TRAVAY

Si ou se yon travayè agrikòl itineran, patwon ou dwe ba ou enfòmasyon ekri sou salè ou ak kondisyon travay ou anvan ou kòmanse travay. Si ou se yon travayè agrikòl, men ou pa itineran, patwon ou dwe ba ou enfòmasyon sa yo si ou mande yo.

RESI EKRI POU PEMAN

Patwon an dwe ba ou yon resi ekri chak fwa li peye w. Li dwe montre konbyen li peye w, konbyen èdtan ou travay, tarif pou chak inite travay, kantite inite travay ou fè, peryòd peman an, ak tout dediksyon yo.

ALOKASYON CHOMAJ

Si w ap travay legalman nan Etazini, ou kapab kalifye pou avantaj alokasyon chomaj. Yon travayè agrikòl kapab kontinye kalifye pou alokasyon chomaj, menm si patwon an pako rapòte travay li.

DEFANS FÈ VANJANS

Lalwa defann patwon an mennase oswa revoke ou, oswa fè lòt diskriminasyon kont ou paske ou vle defann dwa ou dapre lalwa.

1-888-582-3410

FRLS.org

LOJMAN PWÒP AK SAN DANJE

Ou gen dwa jwenn lojman ki koresponn avèk egzijans sekirite federal, ak Eta a, ak zòn ou rete a.

KOMPANSASYON POU TRAVAYÈ

Lwa nan Florid sou Konpansasyon pou Travayè a kouvri travayè agrikòl ki pran chòk nan travay. Ou kapab kalifye pou swen medikal ak pou salè ou pèdi. Sa se vre, kèlkeswa kondisyon legal ou nan Etazini. Li enpòtan anpil pou ou fè rapò touswit, si ou pran chòk nan travay.

DLO AK SALDEBEN NAN CHANTYE TRAVAY LA

Patwon an dwe ba ou dlo fre ak pwòp ou kapab bwè, avèk gode, saldeben pwòp, ak kote pou lave men ou avèk savon, dlo, ak sèvyèt ou ka jete. Bagay sa yo dwe nan mwens pase 1/4 mil avèk kote w ap travay la.

PA DWE GENYEN DISKRIMINASYON NI PÈSEKISYON SEKSYÈL

Lalwa defann fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, si yon moun se gason oubyen fi, peyi kote moun soti, oswa andikap yon moun. Lalwa defann pèsekisyon seksyèl, kit se nan pawòl kit se nan zak.

PROTEKSYON KONT PESTISID

Nan pifò ka yo, lalwa defann pou yo fè ou travay kote yo vaporize pestisid. Patwon an dwe di ou avèk ki pestisid yo sèvi, epi montre ou kouman pou pwoteje tèt ou, epi bay travayè k ap melanje oswa sèvi avèk pestisid sa yo rad ak ekipman pou pwoteje yo.